

KÒD KONDUIT



MISYON NOU

Pou amelyore sante ak kalite lavi tout moun ak kominote n ap sèvi yo.

VALÈ NOU YO

Tout Moun

Nou angaje nou pou ekxelans nan sèvi ak sipòte pasyan nou yo, doktè nou yo, envite nou yo ak manm ekip nou yo.

Nou pa sèlman pran swen moun, nou sousye nou pou yo.

Nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire nou trete tout moun avèk respè, diyite, jantiyès ak konpasyon.

Nou pral koute atansyon tout a kliyan nou yo ak youn-a-lòt avèk lespri ouvri, e kè ouvri.

Nou pral fè yon diferans nan lavi moun nou sèvi yo.

Kalite

Nou pap janm konpwomize sou kalite.

Ekip nou yo founi pi bon kalite swen ak sèvis nan tout bagay nou fè.

Nou pral pran responsablite pou konsève tan, lajan ak resous.

Nou pral kreyatif, vèsatil an ekip nan solisyon nou yo.

Kominote

Se avèk Fyète n ap sèvi moun nan kominote sa a.

Nou pap janm pèdi vizyon sou lefè nou se yon òganizasyon kominote an posede.

Nou pral demontre, nan pawòl ak aksyon nou, pi gwo nivo angajman pou chak kominote nou sèvi.

VIZYON NOU

Yon lidè ou fè konfyans ki enspire espwa atravè avansman lasante.

PWOMÈS

Atitid Pozitif

- Chwazi epi angaje pou gen yon atitid pozitif chak jou.
- Souris epi salye lòt moun.
- Konsidere kòm yon onè dèske w ap pran swen moun.

Respè

- Diminye soufrans - gen sansiblite pou laperèz ak fristrasyon pasyan ak kliyan.
- Akonpanyen kliyan yo pèsònèlman nan kote yo prale a.
- Mete pasyan nou yo an premye nan tout sitiyasyon.

Kontwòl

- VGade li, Pran kontwòl li, Rezoud li.
- Pran responsablite kreye bon jan kalite rezilta nan tout kolaborasyon.
- Mande “*Ki mezi mwen ka pran kounye a menm pou amelyore sa pasyan an ap viv?*”

Pote atansyon

- Kanpe epi konsantre sou moun nan, se pa sou travay la.
- Gade epi konprann sa ki fè pasyan w lan trè espesyal limenm.
- Koute pasyan w epi sonje bay swen pasyan ki sennesòf.

Entegrasyon

- Aesye e bay tout moun valè antan moun.
- Konprann opinyon gendwa pa menm.
- Montre senpati pou fè lòt moun santi yo gen valè.

Kominikasyon Siperyè

- Kenbe enbe lòt moun enfòmè; pou fè sa, eksplike woutin yo, plan swen yo, reta yo ak “poukisa” w ap fè tèt bagay.
- Mande presizyon lè sa nesèsè.
- Poze kesyon ki mande yon eksplikasyon, dekwa pou w plis konprann bezwen yo.

Depase Atant

- Pran devan bezwen yo pou kreye yon souvni jantiyès.
- Fè yon bagay kliyan an pa te atann dekwa pou fè li kontan... leplisouvan, fè plis pase sa y ap atann, se tou senpman ti bagay tou piti yo.
- Remèsye pasyan yo dèske yo ban nou privilèj pou pran swen yo.

ENTWODIKSYON.....	6
PWOGRAM KONFOMITE KOPORASYON.....	7
PWOSIS KOMINIKASYON TWA- ETAP.....	7
LIY DIRÈK KOFOMITE.....	7
KONFÒMITE LEGAL.....	9
Anti-twòs.....	9
Taks.....	9
Fwòd ak Abi.....	10
Kòdaj ak Bòdwo.....	10
Aktivite Politik ak Lobiyism.....	11
Pwopriyete Entelekyèl.....	11
Aktivite Rechèch.....	11
Anviwonmantal.....	12
Konpòtman Nan Milye Travay AK Pratik Anbochaj.....	12
Evalyasyon Ekip Manm, Fizisyen Ak Vandè yo.....	12
Investigasyon ak Demann pou Enfòmasyon.....	12
Konpòtman Kriminèl.....	13
Tretman Medikal Dijans ak Lwa Sou Mendèv Aktif (EMTALA).....	13
KONPÒTMAN NAN MILYE TRAVAY AK ENTEGRITE.....	14
Kominikasyon Dirèk Ki Onèt.....	14
Diyite ak Respè Nan Milye Travay.....	14
Okenn Retalyasyon.....	14
KONFIDANSYALITE.....	14
Konfidansyalite Enfòmasyon Pasyan.....	14
Enfòmasyon sou Sekirite.....	14
Enfòmasyon Pwopriyete.....	15
Aksyon Pèsonèl ak Desizyon.....	15
Relasyon Medya.....	15
RAKÒ DOSYE.....	16
Dokimantasyon.....	16
Kreyasyon ak Destriksyon Dosye.....	16
Manda Fouy, Asiyasyon pou Konparèt, ak Enspeksyon Gouvèmantal e Investigasyon.....	16
KONFLI DENTERÈ.....	17
Konpetitè ak Vandè.....	17
RELASYON BIZNIS.....	18
Kado ak Koutwazi Biznis.....	18
Seleksyon Vandè ak Pwodui.....	18
Rekonpans Materyèl Biznis.....	18
Antreprenè ak Relasyon Biznis.....	18
Atelye, Seminè ak Sesyon Fòmasyon.....	19
PWOTEKSYON BYEN.....	20
Rapò Finansyèl.....	20
Itilizasyon Byen Konpayi an.....	20
Vwayaj ak Divètisman.....	20
Kontwòl Entèn.....	20
AVI DE RESEPSYON.....	21

Kòm youn nan premye sistèm Medikal nan Santral Florida, Orlando Health rekonèt li pi enpòtans pou kenbe yon atmosfè entegrite ak onètete. Pou inyore responsablite nou ka mete misyon nou an nan danje pou amelyore sante ak kalite lavi moun ak kominote n ap sèvi yo. Anplis, vizyon estratejik nou an kote tout moun travay ansanm kòm an ekip pou founi pi bon kalite, konfò ak sèvis pou pasyan ak envite nou yo nan yon anviwònman swen otantik, ta ka vin nan risk.

Objektif Kòd Konduit nou an se pou ede nou kenbe estanda etik Orlando Health yo wo nan tout afè biznis nou fè. Li pral ede gide w lè w ap pran desizyon ki konfòme ak estad etik ak legal nou dwe swiv yo. Malgre Kòd Konduit lan deziyen pou founi gidans anjeneral, li pa adrese chak sitiyasyon ki genyen yo. Politik ak pwosesis Orlando Health yo founi yon gid ki pi espesifik.

Pa genyen okenn politik espesifik, Kòd Konduit lan vin sèvi kòm politik la. Si genyen yon konfli ant politik ak Kòd Konduit lan, Kòd Konduit lan vin sèvi kòm politik la. Kòd Konduit lan se yon “dokiman vivan” nou mete ajou peryodikman pou reponn sou chanjman kondisyon yo. Yo dwe dirije kesyon, oswa enkyetid, konsènan Kòd Konduit lan, sou atansyon sipèvizè imedyat lan, apresa atravè lidèship la, ikonpri ofisye konfòmite an chèf la. Yo kapab rapòte sa tou nan fason anonim sou Liy Dirèk Konfòmite an.

Kòd Konduit lan pa yon kontra pou anbochaj, ni li pa deziyen pou founi nenpòt dwa ki ekspri ekspresman oswa enplike pou anplwa kontinye. Konpòtman ki kontrè avèk Kòd Konduit lan pran lakòz pou yon investigasyon ak mezi disiplinè pwobab ki ka gen ladan revokasyon nan travay la.

Orlando Health gen angajman pou dirije biznis li a annakòdans total avèk tout Lwa, Regilasyon ak Politik ki aplikab yo. Lè nou itilize “Lwa, Regilasyon ak Politik” nan dokiman sa a nou refere yo pou:

- Lwa ak regilasyon federal, leta ak lokal yo
- Egzijans tankou Sant pou Kondisyon Ak Patisipasyon Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) yo
- Estanda pou akreditasyon tankou sa Komisyon Adjwen ak lòt akreditasyon antite yo egzije
- Politik Kòporasyon ak pwosesis Orlando Health yo
- Kòd Konduit Orlando Health
- Tout lòt règleman, regilasyon oswa egzijans ki ka aplikab yo

Nou genyen yon devwa afimatif pou nou konfòme ak rapòte enkyetid sou konfòmasyon yo. Aderans sou Kòd Konduit lan ak Pwogram Konfòmite Kòporasyon lan aplike pou tout manb ekip la, asanm ak manm Komisyon Konsèy la, founisè, volontè, elèv ak lòt moun ki otorize pou aji kòm reprezantan Orlando Health. Anplis, Kòd Konduit lan aplike pou fizisyen kominotè yo, reprezantan vandè ak kontraktè yo pandan y ap fè travay yo sou non Orlando Health.

PWOGRAM KONFÒMITE KÒPORASYON

Pwogram Konfòmite Kòporasyon la egziste pou ede nou konfòme avèk Lwa, Regilasyon ak Politik yo. Pwogram nan sipòte manm ekip ak lò afilye yo avèk edikasyon yo founi sou kondisyon sa yo pandan yo se yon resous pou konsilte epi entèprete politik antrepriz yo ak zafè konfòmite. Depatman entegrite Kòporasyon soutni Pwogram Konfòmite Kòporasyon nan fason li rete ajou sou nòm swen medikal aktyèl yo ak meyè enfòmasyon pou pi byen fè previzyon sou bezwen konfòmite Orlando Health.

“Entegrite Kòporasyon” refere sou Konfòmite Kòporasyon Orlando Health, Odit Entèn, Konfidansyalite ak Sekirite Enfòmasyon ekip la kolektivman. Entegrite Kòporasyon pa ranplase lòt fonksyon nan Orlando Health. Depatman an ede pou asire nou founi swen pasyan ekselan annakòdans avèk Lwa, Regilasyon ak Politik yo.

PWOSESIS KOMINIKASYON TWA- ETAP

Se responsablite tout moun nan Orlando Health pou kenbe estanda etik yo.

Si nou ta vin okouran oswa sispèk yo sitiyasyon ki kapab mete entegrite etik òganizasyon nou an andanje, se obligasyon nou pou rapòte sikonstans sa yo.

Nou te devlope *Pwosesis Kominikasyon Twa-Etap* la pou ede nou avèk responsablite nou genyen pou rapòte vyolasyon Lwa, Regilasyon ak Politik pwobab yo. Pwosesis la mande pou pran etap ki annapre la yo:

1. Pale avèk sipèvizè imedyat nou an;
2. Pale avèk manadjè oswa direktè ki responsab pou zòn nou an; oswa
3. Rele Liy Dirèk Konfòmite konfidansyèl la nan 888.464.6747.

Pou plis enfòmasyon konsènan *Pwosesis Kominikasyon Twa-Etap* la, tanpri gade anba la a.

LIY DIRÈK SOU KONFOMITE

Ki etap nou dwe pran pou rapòte yon enkyetid?

Premyèman, yo dwe rapòte enkyetid yo nan fason ki endike nan Pwosesis Kominikasyon Twa-Etap anwo la a. Si yo pa aji sou rapò sa yo nan yon mannyè apwopriye, nou dwe rele Liy Dirèk Konfòmite konfidansyèl nou an.

Kisa Liy Dirèk Konfòmite konfidansyèl nou an ye?

Liy Dirèk Konfòmite Orlando Health la se yon metòd ki senp, konfidansyèl e ki pa gen risk nou itilize pou rapòte enkyetid nou genyen yo. Liy Dirèk Konfòmite an disponib 24 sou 24, sèt jou nan semèn la epi se yon antrepriz kominikasyon endepandan ki jere ak opere li Orlando Health anboche pou asire entegrite ak objektif repòtaj sou konfòmite. Yo dwe rapòte tout vyolasyon Lwa, Regilasyon oswa Politik yo konnen oswa yo sispèk. Egzanp repòtaj aktivite yo genyen ladann men pa limite a vyolasyon ki asosye avèk:

- Dwa Pasyan yo
- Pratik estanda pwofesyonèl yo

LIY DIRÈK SOU KONFÒMITE (kontinye)

- Fwòd ak abi Medicare/Medicaid
- Falsifikasyon dokimantasyon, kòdaj oswa bòdwo
- Etik pwofesyonèl ak biznis
- Bay Lajan Anba or kikbak (lajan ekstra, rekonpans)
- Enkyetid konsènan konfidansyalite
- Konfli Denterè

Kisa ki pral rive lè nou fè yon apèl?

Se yon espesyalis kominikasyon twazyèm pati ki reponn apèl nan Liy Dirèk Konfòmite an ki pral dokimante enfòmasyon an epi fè yon rapò alekri. Lemoman nou resevwa rapò an, Konfòmite Kòporasyon an pral kòmanse yon investigasyon an kolaborasyon avèk departman apwopriye an pou okipe sa. Yo pral rapòte rezilta yo bay espesyalis kominikasyon an ki pral founi yon mizajou pou sizoka moun ki te rele a kapab jwenn si li vle.

Pou pwoteje tout moun ki asosye yo, nou pa pran okenn aksyon disiplinè oswa aksyon legal baze sèlman sou apèl ki fè yo nan Liy Dirèk Konfòmite la. Se sèlman rezilta yon ankèt pwouve ka pral lakòz yo pran lòt mezi.

Èske nou dwe releve non w?

Non. Nou pa oblije pou idantifye tèt nou epi yo pa anrejistre apèl yo. Alafen apèl la, espesyalis kominikasyon an yon chif kòd inik yo kapab refere yo pandan nenpòt apèl swivi yo.

E si nou pa genyen tout enfòmasyon yo?

Nou dwe rele Liy Dirèk Konfòmite konfidansyèl lan menm si nou pa vrèman konnen genyen yon pwoblèm. Konfòmite Kòporasyon an pran envestige enfòmasyon yo founi yo epi pran aksyon apwopriye si li nesèsè.

RAPO KONFOMITE YO KABAP FET NAN FASON SA YO:

Rele Liy Dirèk Konfòmite konfidansyèl nou an:

888.464.6747

Rele Entegrite Kòporasyon an dirèkteman:

321.841.2335

Voye enkyetid yo alekri pou:

David Huddleson
Chief Compliance Officer
Orlando Health
1414 Kuhl Ave., MP 29
Orlando, FL 32806

Voye yon imèl sou enkyetid ou yo bay ofisye konfòmite an chèf lan nan:

david.huddleson@orlandohealth.com

Regilasyon gouvènman endistri swen medikal la ap vin de plis an plis konplike. Anplis, gouvènman federal ak leta yo deja rann fwòd ak abi swen medikal ranfòsman lalwa priyorite prensipal yo. Orlando Health responsablite pou konfòme avèk lwa yo seryezman epi nou pran etap pou evite, detekte ak korije vyolasyon legal yo. Estanda ki annapre la yo pa ni eksklizif ni konplè. Nou oblije pou konfòme avèk tout lwa aplikab yo, menm si yo pa adrese espesifikman nan politik kòporasyon an oswa Kòd Konduit lan. Si nou ta genyen kesyon konsènan egzistans, entèpretasyon oswa aplikasyon nenpòt lwa, Nou dwe kontakte Entegrite Kòporasyon an oswa Depatman Legal la.

Anti-twòs

Lwa Anti-twòs yo deziyen pou kreye yon nivo chan jwè nan mache an epi pou pwomote konpetisyon jis. Nou pral konfòme ak tout lwa anti-twòs ak lwa similè ki kontwole konpetisyon yo. Pap genyen okenn diskisyon oswa akò avèk konpetitè yo konsènan pri ak lòt tèm pou lavant pwodui, pri nou peye vandè oswa founisè yo, divize konsomatè oswa mache jeyografik, oswa mete yon aksyon ansanm pou bòykote oswa fòse sèten konsomatè, vandè oswa founisè yo.

Nou afilye avèk anpil komès ak asosyasyon pwofesyonèl. Li pa enkomen pou vin aprann enfòmasyon sou lòt òganizasyon, ikonpri konpetitè, atravè mwayen legal ak etik. Afilyasyon sa yo ankouraje pataje enfòmasyon; men, li pa toujou apwopriye pou pataje enfòmasyon biznis ak asosyasyon avèk manm yo. ou pral pran swen ou pwoteje tout done biznis pwopriyete ak konfidansyèl yo.

Nou kapab itilize aktivite maketing ak piblisite yo deziyen pou founi enfòmasyon bay kominote an, ogmante konesans sou sèvis nou yo oswa pou edike piblik. Nou dwe prezante tout kominikasyon yo, toude oral oswa alekri, avèk laverite, konplètman enfòmatif epi san okenn desepsyon.

Se estanda pratik pou fizisyen yo revize travay lòt doktè parèy yo. Sepandan, aktivite kredansyèl ak revizyon doktè parèy ki fèt kapab pote enplikasyon kont anti-twòs la. Fizisyen patisipan yo kapab yon doktè konpetitè, nan vèti espesyalite medikal yo, y ap revize an. Pou rezon sa a, yo dwe pran swen espesyal pou asire yo kenbe yon konpetisyon lib ak ouvri. Kòm rezilta, kredansyèl, revizyon doktè parèy ak disiplin fizisyen nan Orlando Health fèt sèlman atravè yon komite byen konstitye. Nou atann pou fizisyen patisipan yo nan aktivite sa yo pou itilize jijman medikal ki objektif.

Yo atann nou pou chèche konsèy nan men Entegrite Kòporasyon ak Depatman Legal la lè yo konfwonte ak desizyon biznis ki asosye avèk yon vyolasyon potansyèl lwa kont anti-twòs yo.

Taks

Orlando Health òganize epi opere sèlman pou rezon charitab pou sèvi bezwen swen medikal nan kominote a, epi pou rezon sa a, egzante sou peman taks sou revni federal. Tout aksyon Orlando Health yo itilize sèlman pou ogmante objektif charitab li yo. Yo pa kapab itilize aksyon sa yo pou benefisye okenn endividyèl oswa moun ki nan yon pozisyon pou egzèse enliyans li genyen sou enkyetid biznis Orlando Health yo. Adisyonèlman, Orlando Health pa kapab pèmèt revni brit pou benefis moun ki andedan òganizasyon an, ni Orlando Health pa kapab fè pati nan okenn aktivite ki bay anpil benefis finansyèl bay okenn endividyèl prive. Kòm yon òganizasyon taks-egzante, nou evite aranjman an eksè valè sou mache jis, epitou rapòte avèk presizyon peman nou resevwa yo bay otorite fiskal apwopriye, epi nou ranpli tout fòm taks sou revni ak enfòmasyon ki annakò avèk lwa aplikab yo.

Fwòd ak Abi

Orlando Health adopte politik ak pwosesis pou evite, detekte, anpeche ak korije fwòd, gaspiyaj ak abi annakòdans avè lwa federal ak leta yo. Politik nou yo disponib atravè SWIFT, nan entranèt Orlando Health la.

Divès lwa federal ak leta, tankou Lwa Fo Reklamasyon Federal la ak Lwa Fo Reklamasyon Florida, entèdi fo reklamasyon ak lòt aktivite fwòd. Vyolasyon lwa sa yo ka lakòz aksyon sivil ak penalite. Pa egzanp, Lwa Fo Reklamasyon Federal la entèdi konpòtman tankou soumèt avèk konesans fo enfòmasyon oswa reklamasyon kise yon fwòd bay nenpòt ajans federal oswa peyè yo. Anplis tou, Lwa Fo Reklamasyon Florida, entèdi fo reklamasyon ki fèt ak tout konesans ki lakòz gouvènman Florida an pou peye reklamasyon ki fo. Lòt lwa ak regilasyon ki gouvènne entegrite pwogram Medicare/Medicaid la anvigè pou redwi fwòd ak abi.

Annapre la se egzanp fwòd, gaspiyaj oswa abi:

- Fòje oubyen chanje atik nan bòdwo pasyan an, tankou fè fo reklamasyon, oswa voye bòdwo pou sèvis oswa pou materyèl yo pat bay, ki pa nesèsè medikalman ni dokimante
- Bay yon move dyagnostik oswa kòd pwosedi defason pou kapab resevwa pi gwo peman
- Fè chanjman nan oswa fòje chèk yo
- Neglije oswa rapòte tranzaksyon finans nan move fason
- Remèt oswa resevwa peman nan fason ki pa apwopriye an koneksyon avèk tranzaksyon biznis
- Falsifye oswa chanje nenpòt dosye oswa rapò, tankou aplikasyon yon anplwaye, pewòl oswa dosye orè, kont depans, rapò pri, dosye medikal pasyan, rechèch syantifik oswa dosye koleksyon done
- Vòl oswa itilizasyon lajan, mèb, enstalasyon, ekipman lojisyèl oswa lòt pwopriyete òganizasyon a san otorizasyon

Odit woutin, siveyans ak etablisman kontwòl entèn yo ede nou pou evite, detekte, anpeche ak korije fwòd, gaspiyaj ak abi. Tanpri pa inyore kalite aktivite sa yo. Si nou konnen sou oswa sispèk kalite aktivite sa a, Nou dwe itilize *Pwosesis Kominikasyon Twa-Etap* lan pou rapòte li imedyatman (ki refere son PAJ 8). Si nou pa sèten si yon aktivite se fwòd, nou dwe kontakte Entegrite Kòporasyon an pou gidans.

Moun ki legalman rapòte reklamasyon ki fo oswa lòt fo konpòtman, oswa ki ede nan yon investigasyon, aksyon oswa temwayaj, pwoteje kont reprezay anba lwa federal ak leta a ak politik kòporasyon an. Nou pa fè diskriminasyon oswa reprezay kont nenpòt moun ki fè tripotay ki klase, avèk bòn volonte, yon aksyon sivil oswa fo reklamasyon oswa patisipe nan yon investigasyon Orlando Health.

Kòdaj ak Bòdwo

Nou genyen pwosesis anvigè pou ede voye bòdwo egzakt bay peyè gouvènman yo, peyè asirans komèsyal ak pasyan yo. Nou trete Kòdaj ak bòdwo yo nan fason ki egzakt, annakòdans avèk Lwa, Regilasyon ak Politik yo. Nou dwe asire tout enfòmasyon ki nesèsè pou bon jan kòdaj yo egzakt epi reflete swen ki nou founi yo epi ki dokimante nan dosye pasyan yo ansam ak nan fòm yo.

Dokimantasyon kòrèk lè yo dwe fèt yo depann sou dilijans founisè ki trete pasyan nan fasilite nou yo. Nou pa detwi okenn enfòmasyon ki konsidere pati dosye medikal ofisyèl pasyan an.

Administrasyon an pral byen dokimante tout peman ak lòt tranzaksyon yo. Nou pral notifiye peyè yo sou nenpòt erè ki fèt nan peman epi nou pral fè ranbousman an vit ak egzakt.

Aktivite Politik ak Lobiyism

Orlando Health konnen kalite benefis gouvènman demokratik nou an vin nan men sitwayen ki aktif politikman. Pou rezon sa a, yo ankouraje nou pou patisipe nan aktivite sivik pèsònèl ak politik nan pwòp tan lib ak pwòp depans nou. Pandan n ap fè sa, li enpòtan pou nou pa bay enpresyon n ap pale sou non oswa reprezante Orlando Health.

Lalwa limite tout aktivite pèsònèl Orlando Health yo. Nou pa kapab sèvi ak lajan òganizasyonèl oswa resous yo pou kontribye pou kanpay politik oswa pou kado oswa peman nenpòt kandida politik, pati politik oswa nenpòt òganizasyon filyal yo. Nou pa ka oblije pou fè okenn kontribisyon oswa fè demann pou ranbousman sou nenpòt kontribisyon kandida politik oswa kanpay yo te fè.

Pwopriyete Entelektyèl

Nou swiv lwa konsènan pwopriyete entelektyèl, ikonpri patant, mak depoze, makèting, dwa-dote ak lojisyèl. Orlando Health pral konfòme avèk lalwa nan tout aktivite entèn ak ekstèn nou yo. Pou rezon sa a, li kont politik kòporasyon an pou fè, jwenn, itilize, distribye oswa repwodui pwopriyete entelektyèl yo nan yon fason ki pa apwopriye.

Orlando Health achte ak gen abònman sou divès piblikasyon enprime ak sou entènèt la. Nou respekte tout lwa dwa-dote nan peyi Etazini, menm si travay la pa pote senbòl dwa-dote an. Lwa sa yo entèdi repwodiksyon oswa kopye piblikasyon an san pèmasyon nan men Dwa-dote an. Nou pa repwodwi dokiman pou distribisyon andeyò Orlando Health sof si nou gen pèmasyon ki apwopriye a nan men administrasyon ak nan men Dwa-dote an.

Tout travay pwopriyete, envansyon oswa lòt kreyasyon ki fèt pandan n ap travay nan Orlando Health pra; konsidere pwopriyete Orlando Health, ikonpri tout patant, mak depoze, dwa-dote, sekre komès, oswa lòt dwa pwopriyete entelektyèl yo. Nou dwe kontakte Depatman Legal la pou tout asistans.

Aktivite Rechèch

Orlando Health resevwa finansman avèk bous federal pou fè rechèch syantifik. Yon kondisyon pou resevwa finansman yo, se pou nou respekte regilasyon federal yo. Kalite regilasyon sa yo entèdi “move konpòtman nan syans,” ikonpri Fabrikasyon entènasyonal, falsifikasyon, oswa plajya nan pwopozisyon, dirije oswa repòtaj rechèch. Nou pran rapòte epi rezoud tout devyasyon, move konpòtman oswa konfli yo imedyatman.

Nou pwoteje ak respekte dwat patisipan yo ki anwole nan yon etid rechèch yo. Nou pa angaje nan rechèch sijè imèn san apwobasyon aplikab Konsèy Revizyon Enstitisyonèl Orlando Health (IRB) an. Nou respekte tout politik konsènan rechèch sijè imèn. Nou founi aksè jis ak egal ego sou pwotokòl rechèch yo san diskriminasyon. Nou pral respekte ak pwoteje dwa yon patisipan pou refize, sòti oswa dakò pou patisipasyon ann yon etid.

Nou pap voye bòdwo bay yon patisipan oswa twazyèm-pati peyè pou tès pwosedi, oswa tretman ki gen rapò ak ki fèt pandan yon rechèch etid patwonnen. Yo pral korije san pèdi tan tout erè ki fèt nan bòdwo epi ranbouse doub peman yo.

en•teg•ri•te

[en-teg-ri-te] n.

Aderans sou prensip moral ak etik yo; bon ja karaktè moral; onètete.

Anviwonmantal

Orlando Health angaje pou kenbe yon anviwonman ki senesòf ak seki pou tout moun. Nou konfòme sou sekirite ak lwa sou kontwòl enfeksyon ak règleman ki etabli yo, ki gen entansyon pou anpeche danje ki asosye ak travay yo. Nou yo konfòme sou estanda èkonomik ak mentni yon anviwonman travay ki senesòf.

Nou gen respè pou anviwonman an ak konsève resous natirèl yo. Nou egzèse politik ak pwosedi nou yo konsènan anviwonman an epi sèvi ak bilding Orlando Health la, pwopriyete yo, pwosesis laboratwa ak pwodwi medikal an akòdans avèk estanda federal, eta ak akreditasyon yo. Nou konfòme avèk egzijans pèmi ki pèmèt pou egzeyat senesòf polyan nan lè, sistèm egou, dlo, oswa teren. Nou respekte tout lwa ak regilasyon ki gouvène tretman, estokaj, itilizasyon ak dispozisyon materyèl danjere, polyan ak lòt dechè enfektye ak lòt polisyo yo.

Konpòtman nan Milye Travay ak Pratik Anbochaj

Orlando Health ofri opòtinite anbochaj egal pou manm ekip nan lavni ak aktyèl baze sèlman sou merit, kalifikasyon, ak kapasite. Nou respekte manm ekip ak afilye òganizasyonèl epi nou pa fè diskriminasyon nan opòtinite oswa pratik anplwa baze sou ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyon, zansèt, laj, andikap fizik oswa mantal, oryantasyon seksyèl, kondisyon veteran oswa nenpòt lòt estati lalwa pwoteje.

Nou sipòte epi obsève yon milye travay ki pa genyen alkòl, dwòg, ak itilizasyon tabak.

Orlando Health kenbe yon anviwonman ki pa genyen okenn kalite asèlman kòmantè dewogatwa ak konpòtman ki nwisib. Tout kalite konpòtman asèlman yo entèdi. Nou pa pou fè kòmantè ki ofansif, bay blag, fè sijesyon endirèk oswa deklarasyon seksyèl. Avans seksyèl endezirab, demann pou favè seksyèl, ak lòt konpòtman vèbal oswa fizik nan yon nati seksyèl yo entèdi.

Orlando Health p ap tolere pa okenn konpòtman ki entèfere ak pèfòmans travay yon manm ekip la oswa kreye yon anviwonman travay ki entimidan, ostil oswa ofansif. Administrasyon an responsab pou evite tout kalite diskriminasyon ak asèlman. Chak moun responsab pou respekte dwa kanmarad manm ekip yo epi dwe rapòte konpòtman ki pa apwopriye bay pati apwopriye yo.

Evalyasyon Ekip Manm, Fizisyen Ak Vandè yo

Nou pa avèk tout konesans nou pran kontra avèk, itilize oswa sèvis pou bòdwo pa yon moun oswa yon antite ki eskli oswa pa kalifye pou patisipe nan pwogram swen medikal federal yo, sispans oswa eskli nan kontra gouvènman federal, oswa ki te kondane pou yon zak kriminel ki gen rapò ak pwovizyon atik swen medikal oswa sèvis.

Gouvènman federal la pibliye yon lis moun ak biznis ki pa gen dwa resevwa ranbousman nan men peyè gouvènmantal yo (egzanp, Medicare ak Medicaid) pou sèvis yo founi. Omwen defwa nan yon ane, tout manm ekip Orlando Health, doktè, alye pwofesyonèl medikal, manm Komisyon Konsèy ak founisè yo verifye kont lis sa pou asire nou pa anplwaye oswa fè biznis ak moun oswa antite ki eskli yo.

Investigasyon ak Demann pou Enfòmasyon

Se politik Orlando Health pou mennen yon ankèt vit ak konplè sou rapò aktivite ilegal, oswa vyolasyon Kòd Konduit ak politik kòporasyon nou an. Nou dwe koòpere avèk investigasyon sa yo. Nou pa pral pran okenn aksyon pou evite, anpeche oswa retade dekouvri ak investigasyon okonplè sou zafè sa yo.

Nou pral kolabore totalman ak san pèdi tan ak tout investigasyon gouvènman yo, ikonpri vyolasyon pwobab lwa sivil ak kriminel yo. Men, li enpòtan, pou pwoteje dwa legal Orlando Health ak manm ekip li yo pandan pwosesis sa a. Defason pou akonpli objektif sa yo, yo dwe san pèdi tan refere tout demann gouvènmantal pou enfòmasyon dokiman oswa, entèvyou yo bay pati ki apwopriye nan fason ki dekri nan politik ak pwosesis nou yo. Nenpòt kesyon sou investigasyon oswa demann pou enfòmasyon pray refere bay Entegrite Kòporasyon an.

Konpòtman Kriminèl

Nou pa tolere oswa favorize okenn aktivite kriminel. Nou dwe itilize *Pwosesis Kominikasyon Twa-Etap* pou rapòte sikonstans yo si nou ta vin okouran sou yon aktivite kriminel pwobab (ki refere nan PAJ 7).

Nenpòt manm ekip yo jwenn k ap patisipe nan konpòtman kriminel kapab sibi mezi disipline annakò avèk politik kòporasyon an. Aksyon Disiplinè pral apwopriye pou tout ofans ki komèt, ki kapab men lakòz revokasyon.

N ap refere tout enstans konpòtman kriminel nou sispèk bay otorite apwopriye gouvènmantal yo pou pwosekisyon kriminel pwobab.

Tretman Medikal Dijans ak Lwa Sou Mendèv Aktif (EMTALA)

Nou konfòme avèk Tretman Medikal Dijans ak Lwa Sou Mendèv Aktif (EMTALA) nan fason nou founi tretman medikal dijans bay pasyan yo kèlkeswa kapasite yo pou peye. Nenpòt moun ki genyen yon kondisyon dijans oswa k ap mande sèvis dijans yo pral resevwa yon egzamen depistaj medikal apwopriye ak tretman baze sou nesosite medikal.

Nou pran enfòmasyon finans ak demografik sèlman apre yo te ranpli bezwen medikal pasyan an. Kapasite pou peye pa yon faktè nan detèminezon pou si ou pa entène oswa egzeyate pasyan yo.

Yon pal transfere pasyan yo nan lòt lokal sèlman lè nou pa kapab satisfè bezwen medikal yo an nan Orlando Health epi lè nou konnen genyen swen apwopriye ki disponib nan yon lòt fasilite. Pasyan yo ka transfere sèlman apre yo fin estabilize, epi yo fòmèlman aksepte nan fasilite altènativ la. Nou dwe swiv pwosesis EMTALA yo.

re•tal•y•a•syon

[re-tal-y-a-syon] n.

Aksyon ki pran pou pini yon moun ki rapòte yon pwoblèm.

KONPÒTMAN NAN MILYE TRAVAY AK ENTEGRITE

Orlando Health angaje li pou founi bon jan kalite, swen kalifye nan yon anviwònman koutwa, pwofesyonèl ak konfòme. Nou angaje pou ankouraje yon atmosfè ki ankouraje entegrite, onètete ak respè youn pou lòt.

Kominikasyon Dirèk Ki Onèt

Nou ankouraje ak kenbe yon milye travay kote nou lib pou diskite nenpòt enkyetid nou ka genyen. Yon pwosesis efikas, kominikasyon louvri se kle pou sekire konfòmite avèk lwa sou Regilasyon ak Politik yo asanm ak kenbe bon jan kalite eksepsyonèl sèvis nou bay yo.

Diyite ak Respè Nan Milye Travay

Nou dwe aji nan yon fason pwofesyonèl. Nou trete tout moun avèk jantiyès koutwazi ak respè tout tan. Nou responsab pou respekte dwa moun nou kominike avèk yo epi pou rapòte dout konpòtman ki gen dout. Si nou vin okouran nenpòt sitiyasyon ki ta ka mete entegrite Orlando Health an danje, se responsablite nou yo rapòte l. Si nou konnen sou oswa sispèk yon vyolasyon pwobab, nou dwe itilize *Pwosesis Kominikasyon Twa-Etap* lan pou rapòte li imedyatman (ki refere sou PAJ 7).

Okenn Retalyasyon

Politik Kòporasyon ak Kòd Konduit lan disponib pou ede nou pou defini ekspektasyon ak estanda konpòtman yo. Yo pral rezoud tout rapò volontè nan yon fason diskre ak pwofesyonèl. Orlando Health pap tolere okenn kalite retalyasyon nan men okenn moun. Si nenpòt moun kwè yo te soufri retalyasyon paske ou te rapòte enkyetid an bòn fwa w, nou dwe kontakte Resous Imèn oswa itilize *Pwosesis Kominikasyon Twa-Etap* nou an (ki refere sou PAJ 7).

KONFIDANSYALITE

Orlando Health kenbe vi prive ak konfidansyalite tout enfòmasyon enpòtan yo. Nou angaje nou pou respekte tou Lwa, Regilasyon ak Politik yo.

Konfidansyalite Enfòmasyon Pasyan

Pou anpeche divilgasyon san otorizasyon, nou pa pataje enfòmasyon konfidansyèl sou pasyan avèk pèsonn ki pa gen yon bezwen legal pou konnen. Nou pral pwoteje enfòmasyon pasyan pou domaj fizik grav epi pwoteje enfòmasyon prive ki nan dosye medikal pasyan an dapre kondisyon federal, eta ak akreditasyon yo. Pou evite divilgasyon enfòmasyon medikal pwoteje bay yon moun san otorizasyon, nou dwe pwoteje tout kominikasyon yo. Men kèk egzanp sou kominikasyon ikonpri faks, imèl ak konvèsasyon sou telefòn oswa nan zòn piblik.

Enfòmasyon sou Sekirite

Enfòmasyon sekirite refere sou enfòmasyon konfidansyèl pwoteje e enpòtan, kont andomajman, pèt, aksè san otorizasyon oswa modifikasyon san otorizasyon. Nou pral kenbe ak pwoteje tout kalite enfòmasyon, tankou, men pa limite a, done pasyan, dosye pewòl, dosye pèsònèl, kòd aksè ak modpas, pou evite divilgasyon san otorizasyon yo.

KONFIDANSYALITE (kontinye)

Nou kenbe ak kontwole sistèm sekirite, sistèm done rezèv ak kapasite depo yo annòd yo defason pou kenbe sekirite konfidansyalite, entegrite ak disponiblite enfòmasyon yo annakò ak Lwa, Regilasyon, ak Politik yo.

Nou kapab enstale ak sèvi avèk lojisyèl sètifye Orlando Health yo sou ekipman òganizasyonèl yo. Nou pa pral telechaje okenn lojisyèl sou entènèt la ni nou papa enstale lojisyèl ki achte pou itilizasyon pèsònèl. Se sèlman Sèvis Enfòmasyon ki pral apwouve, ak enstale lojisyèl yo.

Nou dwe sonje tou itilizasyon kominikasyon elektwonik Orlando Health ak resous yo sijè sou revize ak siveyans nenpòt kilè san avètisman. Resous kominikasyon elektwonik gen ladan aparèy ak sèvis tankou òdinatè, sistèm, entènèt, imel, tèks mesaj, bipè ak telefòn selilè. Nou pa dwe atann nou sou okenn vi prive lè na p itilize resous Orlando Health yo.

Enfòmasyon Pwopriyete Orlando Health

Nou pwoteje enfòmasyon teknoloji ak enfòmasyon elektwonik pwopriyete, epitou pwoteje li move itilizasyon ak aksè. Nou veye byen nou yo ak byen lòt moun ki reskonsab nan Orlando Health, ki gen ladan pwopriyete fizik ak entelektiyèl, ak nou pwoteje enfòmasyon sansib kont vòl pèt, oswa move itilizasyon.

Nou itilize pwopriyete Orlando Health yo, epi pou nou pran mezi pou evite tout pèt ekipman, founiti, materyèl oswa sèvis inatandi yo. Nou konfòme tou pou etabli politik konsènan otorizasyon pou dispoze byen ak done Orlando Health yo.

Aksyon Pèsònèl ak Desizyon

Nou kenbe salè, benefis, dosye disiplinè ak lòt enfòmasyon pèsònèl manm ekip yo nan yon fason konfidansyèl. Manm ekip yo dwe itilize prekosyon ak jijman rezonab pou pwoteje divilgasyon enfòmasyon nesèsè sa yo.

Relasyon Medya

Tout demann ki soti nan medya pou entèvyou manm ekip yo, manm pèsònèl medikal oswa anplwaye ki gen kontra pou sèvis yo kowòdone atravè Relasyon Medya. Sa pwoteje dwa sekirite pasyan ak manm ekip yo, sekre entimite pèsònèl ak konfidansyalite.

Tout kesyon nan men medya nouvo yo, tankou demann pou enfòmasyon sou eta sante yon pasyan, dwe ale dirèkteman pou Relasyon Medya an. Gen yon reprezantan Relasyon Medya sou-apèl ki disponib 24 sou 24, sèt jou nan semèn la.

di•yi•te

[di-yi-te] n.

Kalite oswa eta pou merite estim
oswa respè; onè.

Dokimantasyon

Orlando Health pwodui gwo kantite dosye ak dokiman. Egzanp yo gen ladan yo dosye medikal, dosye finansye, imèl, prezantasyon, reyon- X ak rezilta laboratwa. Annapre la a se regilasyon ki aplike sou tout kalite dokimantasyon:

- Nou pa fabrike faktè oswa falsifye dosye yo.
- Nou pa siyen non lòt moun so okenn dokiman.
- Nou pa dokimante dosye sou non lòt moun.
- Nou kreye dosye sèlman ki nesèsè ak obligatwa.
- Nou bay dosye ak enfòmasyon sèlman bay moun ki gen yon bezwen legal pou konnen.
- Nou prezève sekirite, konfidansyalite ak vi prive pasyan ak manm ekip yo.

Kreyasyon ak Destriksyon Dosye

Orlando Health te etabli politik ak pwosesis konsènan estokaj ak destriksyon dosye ki kòrèk. Nou kenbe tout dosye yo pou dire ki egzijib legalman. Apre yo fin dire kondisyon te fin ranpli, li enpòtan pou detwi dosye yo nan yon fason apwopriye annakòdans avèk Politik Kòporasyon an.

Dosye yo dwe pou dispoze yo ki gen enfòmasyon pasyan, finansyè oswa lòt enfòmasyon konfidansyèl dwe ale nan yon bwat ki deziyen. Nan okenn sikonstans yo ta dwe jete dokiman sa yo nan fatra.

Manda Fouy, Asiyasyon pou Konparèt, ak Enspeksyon Gouvènmantal e Envestigasyon

Orlando Health te etabli politik ak pwosesis konsènan manda fouy, asiyasyon pou konparèt, ak enspeksyon gouvènmantal e investigasyon. Si nou janm apwoche konsènan zafè sa yo, nou dwe kontakte Administrasyon Pou Risk la imedyatman. Administrasyon Pou Risk la pral notifiye nou sou pwosesis apwopriye pou nou swiv.

Politik Kòporasyon Orlando Health la etabli estanda pou konpòtman Orlando Health atann yo konsènan konfli denterè. Nou pral aji nan meyè enterè Orlando Health epi fè travay nou avèk objektivite total. Nan rapò nou avèk ak sou non òganizasyon an, Nou kenbe sou yon règ sevè nan lapawòl onèt ak jis epi yo pral aji annakòdans avèk Lwa, Regilasyon e Politik, ak akò anlwa yo, lè li aplikab. Nou entèdi pou itilize pozisyon nou, oswa konesans nou ganye kòm rezilta, nan yon fason ki kreye yon konfli an enterè Orlando Health k tèt nou.

Yon konfli enterè ka egziste nan nenpòt sitiyaasyon nan ki mennen pèsonèl nou yo nan yon manyè kapab enfliyanse oswa bay aparans sa enfliyanse aksyon nou sou non Orlando Health. Tout manm Komisyon Konsèy oswa Komite, ofisye, manm ekip administrasyon, manm pèsonèl medikal ki genyen devwa administratif ak tout moun ki nan yon pozisyon ki egzèse enfliyanse konsiderab sou zafè òganizasyon genyen yon devwa pou divilge tout konfli pwobab yo, konfli denterè ki sanble oswa reyèl ki itilize pwosesis divilgasyon konfli denterè ki dekri nan Politik Kòporasyon an. Ofisye Konfòmite An Chèf la pral revize tout konfli potansyèl (ikonpri sa manm fanmi yo). Konfli denterè ka rive nan nenpòt kilè, epi yo dwe divilge yo imedyatman.

Konpetitè ak Vandè

Nou pa pral travay pou, aji kòm yon konsiltan oswa pou gen yon relasyon biznis endepandan avèk nenpòt nan founisè Orlando Health yo oswa twazyèm-pati peyè sòf si nou te resevwa apwobasyon davans nan men ofisye konfòmite an ak Kabinè Egzekitif la. Anplis, manm ekip administratif ak egzekitif yo pa pral travay nan, aji kòm yon konsiltan sou, oswa gen yon relasyon biznis endepandan ak nenpòt antite ki te bay machandiz oswa sèvis ki sanble anpil ak sa Orlando Health founi yo oswa kapab konsidere pou fè disponib. Sa a pa pral anpeche ekzekitif yo pou patisipe nan bawo ki pa antite Orlando Health oswa fè aparasyon piblik kòm reprezantan Orlando Health oswa kòm lidè nan kominote yo.

Nou pa pral investi nan yon vandè, peyè, founisè, oswa konpetitè depase limit ki te etabli yo nan politik kòporasyon an sof si nou jwenn yon otorizasyon alekri alavans nan men Kabinè Egzekitif la atravè ofisye konfòmite an chèf la.

Ou kapab jwenn plis detay konsènan konfli denterè ak pwosesis divilgasyon konfli denterè nan politik kòporasyon an oswa lè w kontakte Entegrite Kòporasyon.

kado

[kado] n.

Tout bagay ki gratis, favè, rabè, ospitalite, prè, endiljans, oswa lòt atik ki gen valè ekonomik.

Kado ak Koutwazi Biznis

Tout kado oswa koutwazi ki biznis (enkli manje deyò pandan biznis ak amizman) ki ofri, resevwa oswa echanje ak ki pa antite Orlando Health ak moun yo dwe satisfè kondisyon yo jan yo etabli nan politik kòporasyon an. Chak fwa nou pa klè si yon òf espesifik oswa echanj politik la entèdi, nou dwe kontakte administrasyon ak Entegrite Kòporasyon pou plis gidans.

Kado oswa koutwazi biznis pa janm dwe itilize nan bi pou yo pwovoke, sekire, oswa rekonpanse rekòmandasyon yon pasyan oswa òdonans yon sèvis oswa ekipman. Yo pa janm dwe itilize kado oswa koutwazi biznis oswa pèmèt pou enfliyanse relasyon, rezilta biznis oswa pran desizyon, oswa ankouraje aparans sa ladan li. Nou oblije pou fè objektif, desizyon san patipri nan meyè enterè pasyan nou yo ak òganizasyon an.

Sòf si yo akòde yon eksepsyon pou chak politik, nou pa pral fè demann oswa resevwa lajan nan men antite oswa moun ki pa Orlando Health, ikonpri fizisyen yo oswa lòt sous referans, pou pati oswa fonksyon nou tankou fèt jou ferye, evènman rekonesans anplwaye, retrèt oswa selebrasyon anivèsè nesans, reyinyon pèsonel yo ak evènman ki sanblab. Sa a pa aplike sou ofisyèl pwogram edikasyon Orlando Health oswa nan evènman Fondasyon Orlando Health la kòdone.

Nou pa aksepte kado oswa koutwazi biznis nenpòt lè pandan negosyasyon aktif oswa nan atravè Demann pou Enfòmasyon / Demann pou Pwopozisyon (RFI / RFP) pou pwosesis ak yon vandè potansyèl. Anplis, nou pa pral aksepte kado oswa koutwazi biznis nan men pasyan nou yo, fanmi pasyan yo oswa reprezantan yo.

Seleksyon Vandè ak Pwodui

Tout tranzaksyon biznis sou non Orlando Health dwe rezilta konsiderasyon nòmal ak bon biznis. Nenpòt moun ki ap travay sou non nou dwe dakò ak respekte nòm ofisyèl ak ekspektasyon nou yo. Nou sèvi avèk mezi objektif pou chwazi vandè yo. Tout vandè ki satisfè nòm sa yo ap jwenn opòtinite egal pou prezante pwodwi ak sèvis yo. Nou pa bay oswa resevwa okenn kalite peman, kikbak (lajan ekstra) oswa rekonpans pou ankouraje rekòmandasyon acha okenn pwodui oswa sèvis. Nou chwazi pwodwi an oswa sèvis ki satisfè pi byen bezwen pasyan nou yo ak Orlando Health.

Rekonpans Materyèl Biznis

Nou pa dwe eseye ganye okenn avantaj oswa ankouraje favè ak peman ki pa apwopriye, koutwazi biznis oswa lòt rekonpans. Nou pa ofri okenn rekonpans ki pa apwopriye oswa favè bay pasyan, founisè oswa lòt moun pou ankouraje rekòmandasyon pasyan yo nan fasilite nou an oswa sèvi ak yon pwodui oswa sèvis an patikilye. Nou pa pral solisite kado oswa favè an echanj pou enfliyanse oswa asistans nan yon tranzaksyon pandan n ap fè biznis avèk yon moun oswa yon antite, ikonpri vandè yo.

Antreprenè ak Relasyon Biznis

Tout negosyasyon kontra, relasyon kontra ak biznis dwe annakò ak Lwa, Regilasyon ak Politik yo. Kontra dwe fèt alekri epi direktè Kòporasyon an, Administrasyon Materyèl, oswa vis prezidan responsab la oswa prezidan an dwe siyen li. Ofisye konfòmite an chèf la pral revize kontra ki idantifye kòm yon konfli denterè potansyèl yo.

Enfòmasyon sou aktivite biznis Orlando Health, ikonpri estrateji, pri, frè, finans ak zafè ki similè, prive ak konfidansyèl. Orlando Health pa pral antre nan okenn akò ki se yon refi pou fè fas ak yon lòt òganizasyon oswa yo ki ka afekte biznis Orlando Health oswa lòt òganizasyon. Anplis, nou pa pral fè biznis avèk yon antite ki pa enkli kounye a, sou sispansyon, eskli oswa otreman kalifye pou patisipe nan pwogram swen medikal federal.

Atelye, Seminè ak Sesyon Fòmasyon

Orlando Health ankouraje nou pouswiv devlopman karyè atravè atandans nan seminè apwouve ki gen rapò ak travay, konferans oswa atelye. Manadjè depatman an pral detèmine atandans nou nan evenman sa yo baze sou benefis mityèl pou nou menm ak Orlando Health.

Apwobasyon administrasyon an obligatwa anvan nou aksepte òf yon vandè pou fè oswa finanse you sesyon fòmasyon oswa klas konesans sou pwodwi yo. Apwobasyon administrasyon an egzijib tou avan yon vandè kapab finanse atandans nou nan yon konferans twazyèm pati, seminè, atelye oswa lòt fonksyon similè. Nan pou detèminezon pou si ou pa pou aksepte kalite òf sa a, nou dwe konsilte vis prezidan an responsab pou zòn nou an pou pran konsèy. Si l apwouve, frè anrejistreman yo jeneralman se sèl depans ki pèmèt pou vandè a kouvri. Men, nou kapab aksepte repa rezonab, oswa patisipe nan evenman sosyal antan yon pati yo ofri pou tout patisipan yo.

re•kon•pans

[re-kon-pàn] n.

Yon bagay ki ede pou ka fè yon aksyon oswa rezilta w ap chèche a; yon ensantif.

Rapò Finansyèl

Deklarasyon finansye ede nan jesyon biznis epi yo enpòtan pou satisfè obligasyon bay pasyan yo, manm ekip la, vandè ak kreditè yo. Deklarasyon finansye egzat yo esansyèl pou konfòme avèk kondisyon taks ak rapò finansye yo. Nou itilize jeneralman prensip kontablite ki akseptab pou mentni ak rapòte deklarasyon finansye egzat. Nou kenbe yon sistèm repòtaj finansye ki founi ki divilgasyon egzat san delè ak divilgasyon konpreyansif konsènan kondisyon finansye ak biznis nou an. Nou pa kreye fo antre oswa antre ki twonpe nan okenn dosye finansye. Nou anrejistre tout tranzaksyon, peman ak resi alè, avèk presizyon e nan yon fason ki konsistan.

Nou rapòte enkyetid ki enplike kontablite, rapò finansye, itilizasyon byen, kontwòl entèn oswa zafè odit bay ofisye konfòmite an chèf la san pèdi tan. Li entèdi eksprèsman pou entèfere ak nenpòt kalite investigasyon federal, leta oswa lokal oswa aksyon ofisyèl. Li pa apwopriye pou chanje, detwi oswa kache okenn dosye, dokiman oswa lòt objè yo.

Nou pa ka pran okenn aksyon enfliyans fwòd, entimide, manipilasyon, twonpe oswa anpeche nenpòt oditè pou angaje nan yon odit nan objektif pou twonpe kondisyon finansye òganizasyon an.

Itilizasyon Byen Konpayi an

Byen konpayi an gen ladann, men pa limite a, ekipman, envantè, pwovizyon, fon, lojisyèl, tan manm ekip yo, estrateji biznis ak done (finans, pasyan oswa lòt dosye). Yo pral itilize byen konpayi pou rezon ki gen rapò dirèkteman ak biznis Orlando Health. Administrasyon an dwe apwouve alavans pou tout lòt itilizasyon yo. Yo pap itilize byen konpayi pou gen pèsònèl oswa benefis epi yo pral okipe sa avèk anpil prekosyon ak respè. Nou responsab pou rapòte ak veye kont pèt, move itilizasyon, gaspiyaj ak / oswa abi nan byen konpayi.

Vwayaj ak Divètisman

Fon Orlando Health pou vwayaj ak depans pou divètisman ak depans ki asosye avèk biznis annakòdans avèk politik kòporasyon an. Depans sa yo dwe fèt sèlman pou sipòte enterè òganizasyon an epi y dwe konsistan ak responsablite travay la. Nou pral egzèze jijman rezonab lè n ap itilize resous konpayi an sou depans nan fon vwayaj ak divètisman yo. Orlando Health pral ranbouse depans pèsònèl ki fèt pandan vwayaj ak divètisman yo.

Kontwòl Entèn

Kontwòl entèn se yon pwosesis ki fèt pou founi asirans ki rezonab konsènan revisit nan objektif yo. Orlando Health mete anvigè yon sistèm pou kontwòl entèn defason pou asire operasyon ki byen mache ak efikas, rapò finansye ki fyab ak respè Lwa Regilasyon, ak Politik yo. Nou pa fè okenn eseye kontoune sistèm kontwòl entèn yo. Nou responsab pou rapòte vyolasyon kontwòl oswa feblès nou konnen nan itilizasyon *Pwosesis Kominikasyon Twa-Etap* nou an pou rapòte li imedyatman (ki refere sou PAJ 8) Nou rapòte enfòmasyon ki gen defisyans nan desen oswa operasyon kontwòl entèn ki kapab bay move enpak sou kapasite pou nou anrejistre, fè pwosesis ak rapòte enfòmasyon finansye yo imedyatman.

Finans ak Otit Entèn revize efikasite sistèm kontwòl entèn yo regilyèman. Otit Entèn yo responsab pou fè tès kontwòl entèn ak siveyans sou konfòmite avèk Lwa Regilasyon ak Politik yo atravè òganizasyon an. Nou pral koòpere konplètman avèk tout oditè entèn ak ekstèn. Nou pap eseye pou enfliyanse, manipile, fè presyon sou, oswa twonpe oswa bloke yon oditè nan yon fason ki fwòd.

AVI DE RESEPSYON, REVIZYON AK KONPREYANSYON KÒD KONDUIT ORLANDO HEALTH LA

Lè mwen mete siyati mwen sou fòm sa a, mwen deklare mwen te resevwa, revize ak konprann Kòd Konduit Orlando Health la. Mwen dakò pou konfòme avèk tout Lwa Regilasyon ak Politik ki aplikab yo kòm pati anplwa oswa asosyasyon mwen avèk Orlando Health.

Mwen rekonèt Kòd Konduit nou an se sèlman yon deklarasyon sou prensip pou konpòtman tout moun ak biznis e li pa reprezante yon kontra pou anbochaj. Mwen pral rapòte tout vyolasyon potansyèl bay sipèvizè mwen an oswa bay ofisye konfòmite an chèf la imedyatman.

Mwen rekonèt si mwen vyole nenpòt dispozisyon ki nan Lwa Regilasyon sa ka lakòz yo adopte mezi disiplinè ki ka gen ladan revokasyon nan travay la.

SIYATI _____ TIT _____

NON EKRI AK LET DETACHE _____ DAT _____

ID ANPLWAYE AN _____



